Pou Piblikasyon Imedya: 21/07/2023 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL ANONSE NOUVO NOMINASYON NAN ADMINISTRASYON AN

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nominasyon Anthony Hogrebe kòm Direktè Kominikasyon.

"Pandan n ap travay pou rann New York vin pi abòdab, pi fasil pou viv epi pi an sekirite, li enpòtan pou gen yon ekip ki gen talan ak eksperyans ki anplas", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen kontan akeyi Anthony Hogrebe nan Administrasyon mwen an epi mwen gen konfyans ke plizyè deseni eksperyans li nan gouvènman ak politik New York yo pral yon avantaj pou ekip nou an pandan n ap avanse Eta pou pi devan an. Mwen rekonesan anvè Julie Wood, ki te avèk mwen depi nan kòmansman tan mwen kòm Gouvènè, pou travay di ak devouman li anvè pèp New York la."

Depi Mas 2022, Anthony te sèvi kòm Premye Direktè Kominikasyon Adjwen ak Konseye Prensipal pou Kominikasyon Estratejik pou Majistra Vil New York la, Eric Adams. Li te deja yon Vis Prezidan Prensipal nan Marathon Strategies, yon konpayi zafè piblik ki baze nan New York ak Washington, DC; chèf Zafè Piblik nan Kòporasyon Devlopman Ekonomik Vil New York (New York City Economic Development Corporation, NYCEDC); ak yon Konseye Prensipal pou Prezidan Konsèy Vil New York la, Christine Quinn. Yon diplome nan Cornell University, eksperyans politik Hogrebe gen ladan plizyè kanpay Prezidansyèl ak nan Kongrè a, ansanm ak kanpay pou Majistra Vil New York la ak Pwokirè Jeneral Eta New York la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418